Chechi Yakanyengedzwa, neNyika

Jesu Kristu, Mwanakomana waKe, akatipa zvinhu zvose pachena muna Kristu. Tinokutendai Imi, Ishe nemikana yatakapiwa neChipiriso chikuru chatakapiwa naJesu paKarivhari, nokuti chakatiyananisa uye chakatidzorera mukutaurirana nokufarirwa Nemi, kuti tigova nokunyaradzwa uku kokuziva kuti kwakanyorwa kuchinzi, "Kana muchigara Mandiri, namashoko Angu achigara mamuri, kumbirai zvamunoda, muchazviitirwa." Zvino, tino kutendai neizvi, uye tinonamata kuti Mutipe kutenda kuti tizvitende nezvose zviri matiri.

2 Zvino ngatiisei parutivi, Ishe, kunetsekana kwose kwezuva rino, nehanya yose yohupenyu huno, tose pamwe chete kubva kuno anochengeta kusvika kumufudzi, kuti pasava nechimwe chinhu mupfungwa dzedu zvino, asi tichimirira, tichiterera nokuremekedza kuti Mweya Mutsvene utaure nesu, kuti tigoita chimwe chinhu chakanaka, kuti tizive zvakanyanya pamusoro peNyu, nokuda kokuungana kwedu pamwe chete. Nokuti, Ishe, chokwadi ndicho chikonzero tichiuya muzuva rino riri kupisa. Taurai nesu kubudikidza neShoko reNyu rinorarama, uye regai Shoko renyu rinorarama Rive matiri uye rigare matiri, kuti tigoumbwa nokuiswa muchimiro, kwete chenyika ino, asi tivandudzwe nokumutsiridzwa kwemweya yedu, muchimiro choMwanakomana waMwari. O-o, mwoyo yedu inodedera kana tichifunga, uye mufaro unopfachuka mumwoyo yedu, kuziva kuti tinokwanisa kunzi vanakomana navanasikana waMwari. Takamira padyo nokuUya kwaKe kweChipiri, uye ndudzi dzose nohumambo hwose huchidedera pasi petsoka dzedu, zvinhu zvose zvenyika zviri kupera, asi tichiziva kuti rimwe zuva Achauya kuzotitora kuenda kuHumambo husina magumo, kana, husingazunguzwi. Zvino kufunga kuti zvino ti—tiri vanhu voHumambo uhu! O-o Mwari, dzingisai mwoyo yedu nenzeve dzedu nhasi, no—noMweya Mutsvene, kubudikidza nokugezwa nemvura dzeShoko. Nokuti tinozvikumbira muZita raKe kuti Arumbidzwe. Ameni.

3 Ndinoda kusvika panyaya iyi mangwanani ano. Nokuti, ndanga ndichazotaura chimwe chakasiyana neizvi dai kwanga kuchazonamatirwa vanorwara, asi tazivisa kuti makadhi okunamatirwa achazopiwa nenguva dzaeyiti, kusvika nahafu pasiti eiyiti kana kusvika nanaini. Uye ndango . . . Billy auya kumba maminetsi mashoma apfuura uye ati panga pasina kana munhu pano, nokudaro haana kupa makadhi okunamatirwa. Nokudaro ticha . . . Ndafunga kutora nyaya iyi, nokuda kokuti ndidzore chechi. Zvino ndinoda kutaura pamusoro penyaya yokuti: *Chechi Yakanyengedzwa, NeNyika*. Ndinoda kuverenga

iko zvino kubva muBhuku raVatongi, chitsauko 16, kutanga nendima 10.

> *Ipapo Dherira akati kuna Samsoni, Tarira, wandidadira, nokundirevera nhema: zvino chindivudza, hako, kuti ungasungwa nei.*
>
> *Akati kwaari, Kana vakangondisunga havo namabote matsva asina kumbobatisa, ndichashaiwa simba, ndikava somumwe munhu.*
>
> *Ipapo Dherira akatora mabote matsva akamusunga nawo, akati kwaari, Samsoni, vaFiristia vasvika. Vavandiri vakanga vakavandira muimba yomukati. Ipapo akaadambura pamavoko ake sorushinda.*
>
> *Dherira akati kuna Samsoni, Kusvikira zvino wakanga uchingondidadira, uchindirevera nhema: chindivudza hako kuti ungasungwa nei. Akati kwaari, Kana ukarukira . . . mhotsi nomwe dzevhudzi romusoro wangu pamwe chete nomucheka unorukwa.*
>
> *Iye akarisunga nembambo, akati kwaari, Samsoni, vaFiristia vasvika. Ipapo akapepuka pahope dzake, akavhomora mbambo yedanda, pamwe chete nomucheka wakarukwa.*
>
> *Iye akati kwaari, Zvino ungataura seiko uchiti, Ndinokuda, kana mwoyo wako usinganditendi? Zvino wandidadira katatu, uka . . . ndivudza kuti simba rako guru rinobvepi; usingandivudzi kuti simba rako guru rinobvepi.*
>
> *Zvino wakati, achingomutambudza mazuva ose namashoko ake, achimugombedzera, mwoyo wake ukanetswa kusvikira pakufa;*
>
> *Akamuvudza nomwoyo wake wose, akati kwaari, Musoro wangu hauna kutongovevurwa nechisvo; nokuti ndiri muNaziri waMwari kubva padumbu ramai vangu: kana ndikavevurwa, simba rangu richabva kwandiri, ndingashaiwa simba, ndikaita somumwe munhu.*
>
> *Zvino Dherira wakati avona kuti wamuvudza nomwoyo wake wose, akatuma munhu kundodana . . . madzishe ava Firistia, akati, Kwirai henyu vuno nguva ino, nokuti wandivudza nomwoyo wake wose. Ipapo madzishe ava Firistia akakwira kwaari, vakatsvaka mari, kana kuti vakavuya nemari mumavoko avo kuzomupa.*
>
> *Iye akamuvatisa pamabvi ake, akadana munhu kuzovevura mhotsi nomwe dzevhudzi romusoro wake; uye . . . akatanga kumumanikidza, simba rake rikabva kwaari.*

Akati, Samsoni, vaFiristia vasvika. Ipapo Samsoni akapepuka pahope dzake, akati, Ndichabuda nguva ino vo sapane dzimwe nguva, ndikazvisunungura. Asi wakanga asingazivi kuti JEHOVHA wakanga abva kwaari.

4 Zvino ndinoda kuverenga, kuti tiwane musoro wenyaya kunyaya iyi, inowanikwa muBhuku raZvakazarurwa, chitsauko 2 kutanga pandima 21 nendima 23.

Ndakamupa nguva kuti atendevuke; akaramba kutendevuka pakufeva kwake.

Tarira, ndoda kumukandira panhovo, navanoita vupombwe naye panhamo huru, kana vasingatendevuki pamabasa ake.

Navana vake ndichavavuraya norufu; nechechi dzose dzichaziva kuti ndinonzvera itsvo nomwoyo: ndichapa mumwe nomumwe wenyu paakabata napo.

Dai Ishe awedzera maropafadzo Ake pakuverengwa kweShoko Rake.

5 Samsoni, akafanana zvakanyanya nechechi, akatanga zvakanaka. Akatanga ari munzira yakanaka. Akatanga, uye akanzi mhare. Iye . . . akatanga kushandira Ishe, mukuchengeta Mashoko Ake nokuita Mirairo Yake. Zvino zvakafanana nezvakaitwa nechechi. Yakatanga, tingataura tichidaro, sokutaura kwavanhu vomunyika, yakatanga iri mugwara rakanaka. Yakatanga ichichengeta Mirairo yaShe. Zvino Samsoni paaiterera Ishe, Ishe waishandisawo Samsoni.

6 Nokuti, Mwari anokwanisa kuchengeta munhu wose anoMuterera, nokuti ibasa raMwari kuita izvozvo. Asi kana tikafuratira, zvinhu zvaMwari, ipapo Mwari haazokwanisi kutishandisa zvakare. Kana tichifamba takatendeka muMirairo yaMwari, kana tichichengeta zviri mumapegi eBhaibheri uye tichinamata maererano nezvakanyorwa muShoko, kuMunamata muMweya nomuChokwadi cheShoko, ipapo Mwari anokwanisa kushandisa ani zvake. Asi pavanotanga kunzwa kuda kutsauka vachitevera chimwe chinhu, ipapo Mwari haazokwanisi kushandisa munhu uyu zvakare.

7 Nokudaro, Samsoni a—anova mufananidzo wakajeka wechechi yanhasi. Chechi payakatanga, Mwari aikwanisa kushandisa chechi, nokuti chechi yaifamba yakapepuka ichitevera Mirairo yaShe, ikachengeta kutonga kwaKe kwose nezvirevo zvaKe, uye ikaita Mirawo yaKe yose. Zvino Mwari akanga ane chechi. Asi zvinoita sokunge paiva pane kumwe kushaikwa kwesimba muchechi.

8 Rangarirai, hatisi kutamba, asi tiri muhondo. Vanhu vazhinji vanofunga kuti kana ukava muKristu ndizvo zvose zvavanofanira kuita, uye kuti zvinhu zvose zvinobva zvanaka

nokusingaperi, sezvavari maKristu zvinhu zvose zvichauya nyore. Usafunga kudaro. Nokuti, ndakava muKristu, kuti ndirwe, kuti ndirwe hondo yakanaka yokutenda. Ndakava muKristu, kuti ndiende kundorwa. Tiri masoja echiKristu, uye tinofanira kudzidziswa nokukura, nokuziva mano mano ose omuvengi, kuziva kuti tozvidzivirira sei, kuziva ku—kurwa. Zvino tinokwanisa kuzviita sokuzarurirwa kwatinenge tichizviitirwa noMweya Mutsvene. Hatikwanisi kutora zvinoitwa norumwe rudzi kana tichienda kundorwa, pfungwa dzavo. Asi tinofanira kutora zvatinofunga isu, nzira yatinoratidzwa noMweya Mutsvene, nezvaUnotiudza kuti tiite, nokuti Ndiwo Mukuru wehondo yamaKristu.

9 Samsoni aiita zvakanaka, aiva munhu mukuru kusvika paakatanga, paakatanga (tingazviti) akatanga kutamba, kusvikira akapedzisira ava kubva panzvimbo yake. Zvino chechi yaiita zvakanaka, kusvikira payakatanga kubva panzvimbo yayo. Samsoni akatanga kumhanya mhanya. Zvino akatanga kumhanya mhanya navasikana vasiri vomuIsraeri, akatanga kumhanya mhanya navasikana vechiFiristia.

10 Zvino ndizvo zvakafanana nezvakaitwa nechechi. Haina kupinda murudo navanhu vayo, yakatanga kuenda kuna vanhu vasingatendi uye ikatanga kumhanya mhanya navanhu vasingatendi. Ndipo patakakanganisa zvikuru, uye kumwe kukanganisa kwedu kukurusa ndeapo pakatanga chechi kuita zvinhu zvisiri izvo. Yakatanga kufambidzina, saSamsoni, navanhu vakaipa.

11 Samsoni, paaifambidzana navanhu vaMwari, aiita zvakanaka. Asi paakatanga kumhanya mhanya navanhu vakaipa, ipapo ndipo paakapinda mumatambudziko.

12 Zvino ndizvo zvakafanana nechechi. Chechi payaiterera nokuremekedza kutungamira kwoMweya Mutsvene mazuva ose, Mwari aivaropafadza, uye mashura nezviratidzo nezvishamiso zvaitevera chechi. Asi payakatanga kufambidzana navanhu vakaipa, nenyika! Chimwe chezvinhu zvakaipa chayakaita, uye chinhu chokutanga chayakaita, yakatanga kuita sangano, vakatanga kusayanana navamwe vatendi, nokuti vaida kufanana nendudzi. Asi Evhangeri iyi huru haina kupiwa kurudzi rumwe chete. Yakapiwa kuna "ani nani anoda kuuya, ngauye," ndudzi dzose, marudzi ose, nendimi dzose, navanhu. Mwari haana kumboda kuti tiise miganhu.

13 Asi munhu akada kuva, vanozvienzanisa, kana kuti kuedza kutevedzera, kuita zvinoitwa ne—nenyika, nokutaura zvinhu zvavanotaura, kubudirira nenzira yavanobudirira nayo. Hatikwanisi kubudirira tichiita zvinoitwa nenyika. Tinokwanisa kubudirira kana tichitevedzera zvirevo zvaMwari nenzira Yake yokuita zvinhu. Hazviitiki, nokutevedzera nyika. Kana kambani yefodya yakava nokubudirira kukuru nokuda

kweterevhishoni, uye vedoro nevewisiki vakava nokubudirira kwavo kukuru nokuda kweterevhishoni, handicho chiratidzo chokuti chechi ichabudirira neterevhishoni. Kubudirira kwechechi kuri mukuparidzwa kweEvhangeri, neSimba raMwari, nokuratidzwa kwoMweya. Hatikwanisi kutaura tichiti terevhishoni yakaita izvi neizvo kukambani yefodya uye—nedzimwe kambani! Hatina Gwaro rokuti tiedze kuita savanhu ava. Zvino kana tichiri kuita sezvavakaita, tinokwanisa kuunza vanhu vakawanda, asi handizvo zvatakarairwa naMwari. Tinofunga kuti tiri kubudirira, zvinhu zvose zviri pamusoro, masangano makuru, tichiita zvinhu zvikuru zvinopenya, tofunga kuti kubudirira. Tiri kufa zuva nezuva takamira netsoka dzedu, tichitaura pamweya! Kana takamira mangwanani ano tiri mamiriyoni gumi, uye Mweya Mutsvene usiri patiri, zvingava nani kuti timire tiri vanhu gumi Mweya Mutsvene uri patiri. Hatifaniri kuzvienzanisa nenyika.

14 Zvino chinhu chokutanga, ndechokuti, chechi yakatanga kuita sangano. Sangano rokutanga ichechi yeKatorike, ndokuzouya chechi yeLuthereni. Vakatanga kuita zvesangano muchechi yeKatorike ikava sangano, rimwe zuva pakava nokudanidzira, "Samsoni, vaFiristia vasvika," zvino Samsoni akadambura tambo dzokusunga kwechechi yeKatorike, uye Martin Luther akabuda nesangano.

15 Zvino vakasunga chechi zvakare neimwe tambo, sezvakaitwa naDherira. Zvino vakatanga . . . panokuva navanhu vakadanwa naMwari, vanhu vakadanwa noMweya Mutsvene; imwe nguva vanenge vasingazivi maABC, asi vanenge vachiziva Kristu. Zvino chechi yakatanga kushandura mazvibatiro, ikatanga kutevedzera mataurire anoita vezvamatongerwe. Zvino vakazopa vaparidzi vavo "madhigiri ohudhokota," munhu wose anofanira kuva Dhokota weDivinity. Yakanga iri imwe tambo yokusunga nayo chechi. Vanhu vanoenda kundodzidza, chikoro chebhaibheri choga choga chichiedza kubudisa mudzidzi ari nani kudarika vamwe kuti chechi yavo igozvirumbidza, "Mufudzi wedu ndiDhokota weDivinity." Zvino, chii chavakaita, mumwe achiedza kuva nezivo yakadarika yomumwe. Zvino, izvi hazvirevi chinhu pamberi paMwari.

16 Zvino hapana chikonzero chokuti munhu atore zivo yake yenyika kuti aedze kufadza Mwari nayo. Zvinonyangadza pamberi paMwari! Haukwanisi kufadza Mwari nezvinangwa nezivo yenyika, nokuti "inovengana naMwari," Gwaro rinotaura kudaro. Haukwanisi kuzviita.

17 Zvino mumwe nomumwe anoedza kuva nezivo yakawanda. Vanonyatsoziva zvokuita namashoko okutaura, uye zvangova mataurirо afanana nezvamatongerwe panzvimbo yokunge kuri kuratidzwa kwesimba, roMweya Mutsvene Mharidzo inopinda pakadzika pomwoyo womunhu ichibata chivi.

Vakadzidza kutaura sezvinoita vamatongerwe, zvino izvozvo hatizvidi. Pauro akati, "Shoko rakauya kwatiri, kwete bedzi . . . kana kuti, Evhangeri, seShoko bedzi, asi nokuratidzwa kweSimba noMweya Mutsvene." Ndizvo zvakaunza Evhangeri, kuratidzwa kwesimba roMweya Mutsvene! Asi varume ava vose vanoenda kuzvikoro zvebhaibheri vodzidza zvidzidzo zvikuru, kuti vanofanira kumira sei pamberi pavanhu, kuti vanofanira kumira vakadii, kuti vanofanira kupfeka zvakadii nokuzvibata zvakadii, havafaniri kumboshandisa manzwi asiri iwo. Zvino, zvakanaka kana uri kutaura zvamatongerwe, asi hatishandisi mashoko okugombedzera ohuchenjeri wavanhu. Pauro akati, "Evhangeri randinoparidza harina kuuya rakadaro, asi Rakauya kubudikidza nokuvandudzwa kwo—kwoMweya Mutsvene nokuratidzwa kweSimba." Hazviuyi nokukwanisa kutaura zvakatsetseka, kuti huchenjeri hwako, kana kuti kuvimba kwako kusava muhuchenjeri hwavanhu. Asi rakauya kubudikidza nokuratidzwa kweSimba raKristu akamuka. Ndiyo Evhangeri, "KuMuziva muSimba rokumuka kwaKe."

18 Mumwe nomumwe anofunga kuti akachenjera kudarika mumwe, dhinominesheni rimwe nerimwe. MaMethodisti anoti, "Tine munhu akangwara kudarika vose." MaBhaptisti anozotauravo kudaro, neveChurch of Christ, navamwe, vose vanoti, "Isu, tisu takangwarisa. Isu, va—vanhu vedu, hatingoregi munhuvo zvake achienda kundoparidza Evhangeri." Asi vanongoita vokunonga ivo. (O-o Mwari, ivai nenyasha!) Kuita vokungononga; kana vazadzwa nedzidziso yavo, ipapo ndipo pavanozovaisa muchechi. Mwari haakwanisi kumusevenzesa hake zvachose. Ndinoda kuti mumwe munhu akasarudzwa noMweya Mutsvene andiparidzire, akasimudzwa naMwari, kwete akasarudzwa nomunhu kana namadhinominesheni.

19 Zvose ndezvezivo! Vanoti, "O-o, tinoziva zvose pamusoro paZvo," uye vamwe vavo havatombozivi vara rokutakanga roMweya Mutsvene. VanoUramba.

20 Zvinondirangaridza rimwe bhuku duku randakaverenga ndiri kuCalifornia, makore gumi apfuura. Ndakaritora muchitoro chamabhuku. Ndakanganwa kuti munyori waro ndiani. Kabhuku kaduku kanotengeswa nomutengo weshereni, asi kaiva nezvimwe zvinhu zvakanaka makari kunyangwe zvaisekesa uye zvine mano. Asi, ndakaona chimwe chinhu imomo chairatidzika saMwari, kwandiri. Zvino imwe yenyaya duku idzi yakatanga sezvizvi. Mamwe mangwanani mudanga rehuku, paiva nakamwe kajongwe kaifunga kuti kaiziva zvezivo yose inofanira kuzivikanwa. Nokudaro kakabhururuka kakarovera muromo wako pamusoro pebhokisi, kana kana kashanu, kakasimudza musoro wako kakakukuridza zvisati zvamboitwa nejongwe. Zvino dzimwe, dzakakwezva, uye kakati, "Sheshe namachongwe omudanga rino rehuku, ndinoda kutaura nemi mose mangwanani ano pamusoro pohumwe hurongwa

hwokudzidza hwatakakwanisa kuwana." Kakati, "Ndakawana zivo yakawanda mukunzvera kwangu," kachidonza magirazi pamusoro pomuromo wako. Uye kakati, "Ndafunga kuti isu tinokwanisa kuzviita huku dziri nani nokuva nezivo yakanyanya. Nokudaro, ndinokwanisa kukuudzai, kuti kana tikachera nokushanda pane imwe nzvimbo kana gomba, tinokwanisa kuwana vitamini inotiita kuti tikukuridze zviri nani, nokuva neminhenga yakanaka. Zvino, o-o, ndinokwanisa kukuudzai nzira dzakawanda dzinoita kuti tiratidzike zviri nani."

21 Zvino sheshe duku namachongwe maduku, dzakafara dzikati, "Haana kunaka here?" Uye dzakakayemura. "O-o, ijongwe rakangwara kwazvo!" Zvinondifungisa vamwe vaparidzi ava vomuzvikoro zvebhaibheri. "Munhu akangwara kwazvo! Hapachina chikonzero chokuti tirambe tine dzimwe huku idzi, tose tinofanira kuenda naye."

22 Zvino, kajongwe aka kasati kapedza kutaura, pakanga pane kamwe kahuku kakanga kasina minhenga yakanaka seyaaka, kakauya kachimhanya kwaiva nedzimwe huku dzose dzomudanga, uye kakati, "Vakomana, imbomirai zvishoma! Ndichangobva mukunzwa nhau dzapedzisira kutaurwa muredhiyo. Huku dzakwidzwa mutengo wadzo namapeni mana, tose tiri kuenda kundourawa mangwana! Zvino zivo yako ichabatsirei?"

23 Hama, zivo yose yatinokwanisa kuunganidza, inotibatsirei? Tiri mafutu matanhatu ehuruva! Tiri kufa zvishoma nezvishoma. Zivo yedu hapana zvainoreva. Tinoda kuziva Iye. Asi vanoita zvinhu zvakadaro.

24 Sezvandakanga ndichitaura imwe nguva pamusoro peimwe shiri, zvino yaifunga kuti ino ruzivo rwose uhwo—hwayaikwanisa kuva nahwo, uye kuti yaiziva zvose kusvikira yaikwanisa kuudza dzimwe shiri pamusoro pavanhu. Nokudaro yakabhururuka ikaenda pakeji payo uye ikatanga kutaura pamusoro pavanhu, kuti yaiziva zvakawanda sei pamusoro pavo. Zvino, pakarepo, purofesa mukuru aibva kuPurdue auyapo akatanga kutaura namashoko akatsetseka kwairi, zvino shiri duku iyi yakabwaira maziso ayo uye yakatarisa pasi. Zvino, yaiva namaziso, yaikwanisa kuona purofesa uyu. Yaiva nenzeve, yaikwanisa kumunzwa. Asi, kunyangwe zvakadaro, haina kuziva kuti akanga achitaura pamusoro pei. Sei? Yaingova nepfungwa yeshiri. Ipfungwa yeshiri. Ndizvo bedzi zvayaiva nazvo. Haina pfungwa yomunhu, nokudaro haikwanisi kufunga somunhu.

25 Zvino kunyangwe munhuvo haakwanisi kufunga saMwari! Uri munhu, zivo yose yenyika yakangofanana nokufunga kweshiri. Zvaunokwanisa kuita, kungozvikuvadza nayo. Unofanira kuva nepfungwa yaKristu.

26 Chikonzero vanhu vachienda kundoita nhengo dzamasangano, uye vachitora kukwazisana maoko panzvimbo yokuberekwa patsva, vari kuedza kunzvenga kuberekwa patsva. Havadi kuberekwa patsva. Zvino ivo va—vanoziva kuti tinozvidzidzisa kubva muBhaibheri, nokudaro vanoda kuisa chimwe chinhu panzvimbo yazvo. Uye vanhu vePentekosti vari kuita zvinhu zvimwe chete, kuedza kuisa chimwe chinhu! Vanoda zvinoshamisira. Zvinofanira kunge zviri zvapamusoro kwazvo, "Tichakwazisana maoko tova nhengo yechechi, uye tosaswa kana kubhabhatidzwa," kana chimwe chakadaro. Vanotya kuberekwa patsva. Dzimwe nguva ndinombofunga kuti Branham Tabhernakeri yava kutyavo zvakare!

27 Zvino, tinoziva tose kuti kuberekwa, handina mhosva kuti ndokupi, kana kupi, kwazvingava, kunosemesa. Kana mwana akaberekwa pamusoro pamashanga, kana pavhu, kana muchipatara chakashongedzwa zvakanaka, zvinosemesa, bedzi. Kuberekwa kwemhuru, kuberekwa kwechinhu chose, kunosemesa.

28 Zvino kuberekwa patsva hakusiyanivo nezvizvi! Asi vanhu vaomarara, "Tichaenda uko kwavanokwazisana maoko. Tichaenda uko kwavasingazhambi nokuchema, nokurova paartari vachichema." Unoda humbozha hwavanhu! Chatinoda kuberekwa, kufa, kunounza hupenyu!

29 Mbeu, yembatatisi, mbeu yembatatisi, tora mbeu yembatatisi uiise muvhu. Usati wava nembatatisi itsva, mbatatisi iyi inofanira kutanga yaora. Zviyo hazvikwanisi kubereka hupenyu hutsva kusiya kokunge zvaora.

30 Zvino murume kana mukadzi haaberekwi patsva kusvikira iye nepfungwa dzake zvaora, afa, kufa paartari, uye achichema, achiita zvinosemesa, kusvika pokuti kuomarara kwose kunopera, zvino unoberekwa patsva noMweya waMwari. Handina mhosva nazvo kana ukazhamba, ukataura nendimi, ukasvetuka-svetuka, ukaumburuka sehuku yadimburwa musoro, uri kuunza Hupenyu hutsva! Asi takaita zvimwe panzvimbo yeizvi, takatora nzira yakadzikama yakanaka, chokwadi.

31 Rimwe zuva, musi weChishanu, mudzimai wangu neni takanga tichienda kuchitoro. Handisi kuda kuramba ndichidzokororo izvi. Asi patakanga tichifamba mumugwagwa, ndakaramba ndichitarisa uku nouko, nokuda kwavakadzi vakanga vasina kupfeka zvakanaka. Ndakavimbisa Mwari pandakanga ndava kuda kuita bofu, kuti kana Akandipodza ndaizotarisa zvinhu zvakanaka. Zvino ndinofamba nomuchinjikwa muduku wakasungirirwa mumotokari mangu. Kana ndaona zvinhu zvakadaro, ndinotarisa kumuchinjikwa ndoti, "O-o Mwari, Ndihwo Hutiziro hwangu," ndichitarisa pamuchinjikwa.

32 Ndakaona vakadzi ava. Meda akati, "Hatina kumboona mudzimai nhasi akapfeka siketi." Zvino akati, "Billy, tarisa mudzimai uyo akangopfeka zvimabhande," akati, "unonditaurira kuti mudzimai uyu haazivi kuti hazvina kunaka here?" Akati, "Kana asingazivi kuti zvakaipa, pfungwa dzake dzinenge dzisina kukwana."

33 Ndikati, "Imbomira zvishoma, mudiwa. Munhu womuAmerica, anoita sezvinoita vomuAmerica." Ndikati, "Ndakanga ndiri kuFinland, mudiwa."

34 Zvino ndakavhunza mumwe muvhunzo kumurume akanga aenda neni ikoko, Dokotera Manninen. Zvino takanga tichienda ku—kunogezerwa, kwavanoti sauna, zvino vanokutora vokudira mvura inopisa, kana kuti vanodira mvura pamatombo anopisa, zvinoita kuti udikitire. Zvino vanozokuita kuti utuhwine mumvura ine chando, wobudamo. Voenda newe mune imwe imba, imomo munenge mune manesi, madzimai anokwesha varume ava (vanenge vasina kupfeka), vodzokera zvakare mudziva. Ndakaramba kupindamo. Zvino Ndakati, "Chiremba Manninen, izvi hazvina kunaka."

35 Akati, "Zvakanaka zvino, Mufundisi Branham, hazvina kunaka. Ingawani vana chiremba vokuAmerica vanobvisa madzimai mbatya dzose kusara asina chinhu vomuisa patafura, vomuongororo nhengo yose yomuviri wake? Ko manesi enyu kuzvipatara?"

36 Ndakati, "Ndiregererei, Hama Manninen, Manninen muri kutaura chokwadi."

37 Chii? Itsika. Pandakanga ndiri kuParis handina kukwanisa kuzvitenda, kuti zvimbuzi zvavarume navakadzi zvakanga zviri zvimwe chete. Handina kukwanisa kuzvinzwisisa, kuti zvimbuzi zvakanga zviri kurutivi rwomugwagwa zvaiva zvavarume navakadzi vose. Handina kukwanisa kuzvitenda kuti kana vakadzi vava kuenda kubhichi kugungwa, mukomana nomudiwa wake, hapana pokuchinjira mbatya, vanokurura mbatya kusvika pane yokupedzisira, vofuratirana vopfeka tuhanzu twavo voenda kundotuhwina, asi ndizvo zvavanoita. Asi havana hanya nazvo. Itsika yokuFrance.

38 MuAfrica, varume navakadzi, navakuru navaduku vasina mbatya zvachose, vachifamba muminda. Havatombozivi kuti kune chimbuzi, kana zvakadaro, vanongoita mumwe achiona. Asi havazivi mutsauko. Havazivi mutsauko. Asi itsika dzendudzi.

39 Asi ndakati, "Mudiwa, isu takasiyana, tinobva kune imwe Nyika. Tiri vayeni navapfuuri pano, ndizvo zvinoita kuti tione kuti zvinhu izvi zvakaipa. Nokuti Bhaibheri rakati, 'Nokuti vanotaura zvakadaro, vanoratidza kuti, vayeni navapfuuri, vanotsvaka guta rinouya.'"

40 Murume kana mudzimai womuItaly, womuFrance, womuAfrica, kana womune imwe nyika, kana achinge aberekwa noMweya Mutsvene, haaiti zvinhu izvi. Haazopfeka mbatya dzakadai. Haazozviita namaitiro aya, nokuti vanenge vava vokune imwe Nyika Iyo Mutongi wayo ari Mwari. Tinobva kuDenga. Mweya uri mauri, ndiwo unotonga hupenyu hwako. Kana uri munhu womuAmerica, uchaita sezvinoitwa navanhu vomuAmerica. Kana uri muFrench, uchaita sezvinoitwa navanhu vokuFrence, uye unenge uchitsoropodza vamwe. Asi kana uri waMwari, uchaita zvavanoita kuDenga, nokuti Mweya wako unobva kuMusoro uye Ndiwo unokutonga.

41 Chimwe chinhu chiduku chatingatarisa pachiri. MuGwaro, vaitsvaka Guta idzva iri, vaizvibata nenzira yakasiyana. Vaitaura kuti vakanga vari vayeni navapfuuri. Asi vokudzinza raKaini, vakava vadzungairi nemipengo. Asi maKristu vaiva vayeni navapfuuri. Mudzungairi haana musha, mupengo munhu akaipa. Asi mupfuuri munhu wechokwadi, ari kubva kuNyika yechokwadi, ari kuedza kutsvaka nzira yake yokudzokera kuMusha, achiratidza namararamire ake kuti pane chimwe chinhu chinoratidza kuti akabva kune imwe Nyika. Ndicho chikonzero.

42 Asi vanhu vanodaro ava, vanopfeka mbatya idzi, regai ndikuudzei. KuSouth Africa, kwandakaona vanhu zvuru makumi matatu zvavanhu vasingatendi, vasina kupfeka, vagari vomunyika umu. Vasikana navakomana, vana makore gumi namatanhatu, gumi namasere, vane makumi maviri, vasina kana kupfeka kana mbatya, vakamirapo vakazora madhaka kumeso kwavo, uye vakapendwa, mabonzo ari mumhino dzavo, nezvitanda zvemiti zvakarembera panzeve dzavo, uye vaine mabonzo avanhu kana kuti mabonzo mamwevo ari muvhudzi ravo, mazino emhuka akaremberera pavari, vakashama sezvavakanga vakaita pavakaberekwa, asi vasingazvizivi. Asi pavakagamuchira Kristu, vakapunzika nezviso zvavo vakagamuchira Mweya Mutsvene, vakasimuka vakapeta maoko avo nokunyara, vakafamba vachienda kundotsvaka mbatya dzokupfeka. Sei? Vakava vayeni navapfuuri kunyika ino. Hareruya! Vakanga vava kure nayo. Hongu, changamire.

43 O-o, hongu, vanhu ava vanozvidana kuti maKristu. Inengo dzamachechi. Vanoenda voti, "Tiri maMethodisti. Tiri maBhaptisti. Tiri maPentekosti. Tiri maSeventh day Adventisti. Tiri *izvi, izvo, nezvimwe*." Hazvina chokuita nazvo. Mweya wako, hupenyu huri mauri, hunokutonga nokukuudza zvauri. Jesu akati, "Nezvibereko zvavo muchavaziva."

44 Chechi yakaita sezvakaitwa naIsraeri, payakatanga. Vakaona ndudzi dzavahedheni dzina mambo. Mwari ndiye akanga ari mambo wavo. Zvino vakaona ndudzi dzavahedheni dzina mambo, nokudaro vakada kufanana nendudzi dzavahedheni, vakazvitsvakira mambo. Zvino

pavakadaro, vakapinda mumatambudziko. Zvishoma nezvishoma zvakatanga kupinda. Zvishoma nezvishoma nyika yakatanga kupinda mavari. Kokupedzisira pakazopedzisira pava naAhabhi. Mambo aiuya ari padyo nenyika, aitevera oti nyanyei, uye pokupedzisira zvakazouraya hupenyu hwose mavari. Zvino ndiwo mafambiro akazvakaita. Zvino pakazouya Mambo chaiye, havana kuMuziva.

45 Ndizvo zvimwe chete zvakaitwa nechechi. Yakatora tsika. Mazvionaka. Yakatora tsika dzezvamatongerwe, dzedzidzo. Yakatora tsika dzamasangano, namapato, machechi makuru, anozvikudza, navaparidzi vanozvitutumadza. Zvino Mambo chaiye paanouya, havaMuzivi, uye vari kuroverera Mweya Mutsvene chaiwo anova Mambo wavo. HavaMuzivi, asi vanoMuseka nokuMusvotesa. Sezvakaitwa namaJudha kuna Mhesiyasi wavo, chechi ndizvo zvairi kuitavo Mhesiyasi wayo. Havazvizivi. Havana maonero omweya, nokuti vakapofomadzwa nezvavanoona namaziso avo, dzimba huru, kuedza kuzvienzanisa nenyika. Hatina kukurudzirwa—kukurudzirwa kuti tizvienzanise nenyika. Takakurudzirwa kuti tizvininipise.

46 Zvino, mumwe anodarika vakawanda, muna Mwari. Zvino nhasi kuvaparidzi vanoparidza kupodzwa, pana makwikwi, kukwikwidzana. Mumwe anoti, "Zvino, Mwari ngaarumbidzwe, ndine zvuru zvakawanda. Ndakaita musangano mukuru kudarika wawakaita." Zvinoita mutsauko wei? Kana tikava nomumwe chete kana nemiriyoni, zvinoita mutsauko wei? Takatendeka here kuna Mwari? Takatendeka here kuShoko raKe? Tinomira here pakuedzwa noMweya Mutsvene? Ichokwadi here? Ndicho chinhu chine basa.

47 Asi tinorerutsa paBhaibheri. Vazhinji vedu vePentekosti, paDzidziso yeBhaibheri, tinorerutsa. Pane . . . Handidi kukurwadzisai. Ndiri muchechi mangu, uye ndiri kunzwa kuti ndichaita, muchechi mangu, nokuti ndiri kuparidza Evhangeri. Asi pane makumi ezvuru zvavaparidzi vePentekosti vanoziva kuti hapana chinhu chakadaro muBhaibheri chokubhabhatidza muZita ra"Baba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene." Ndinoda kuti bhishopi mukuru kana mumwe munhu, kuti andiratidze pakabhabhatidzwa mumwe munhu muZita ra"Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene." Asi vanorerutsa, nokuti masangano anodaro. Hapana kana munhu mumwe chete muTestamende Itsva, uye kwamakore mazana makumi matatu akatevera munhoroondo, vasina kubhabhatidzwa muZita raJesu Kristu. Chii? Masangano. Ndiwo akazviita. Kurerutsa!

48 Uye nhasi vanobvisa vashandi vanopupura mumigwagwa. Vakabudisa tamborini muchechi. Vakabudisa kubwinya kwose muchechi, vakatora kuparidza kwedzidziso dzeseminari, kuparidza kokurumbidza vakuru, kunofambirana namapato avanhu, uye madzimai avo achipfeka zvikabudura namadhirezi

anoshinya, navarume vachisvuta fodya, vachitamba makasa vachitaura zvinosekesa nezvakaipa. Zvinonyangadza pamberi paMwari! Ndinoziva kuti zvakaoma, asi yava nguva yokuti mumwe ataure chimwe chinhu. Kurerutsa, kuregedzeka, kuita senyika!

49 Handina hanya kana ndikamira ndoga, ndisina mumwe munhu kunze kwaMwari chete, ndichaparidza Chokwadi chaMwari cheBhaibheri nokumira Nacho. Kana ndikafa, ndichamira paChokwadi. Hongu, tinoda Chokwadi. Ndichazviera kwete nechechi, asi neShoko raMwari ndiro randinoda kuzviera naro.

50 Asi Dherira, makacherechedza here, kuti aiziva kuti Samsoni aiva nesimba. Zvino akanga asingazivi kuti simba raiva papi. Akanga asingazivi kuti simba iri raiva chii, asi paiva nesimba guru rakanga riri muna Samsoni, uye aida kuziva kuti raiva papi. Zvino, Dherira, akaramba achinetsa Samsoni norunako rwake. O-o, akazvipfekedza nenzira inokwezva. Zvino akatanga kufamba pamberi pake achiedza kumukwezva sezvinoita vamwe vasikana vaduku vamazuva ano, na—navamwe, zvino kana uchiita chimwe chinhu chakada kudaro, somudzimai asingapfeki zvakanaka, achiedza kukwezva Samsoni kwaari.

51 Ndizvo zvimwe chete zvakaitwa nenyika kuchechi. Zvino Simba rako guru riri kupi?

52 "Zvino, kana tikaita sangano, ndizvo zvinozotyora Simba. Chechi yeKatorike ndizvo zvayakaita.

53 "Asi vaFiristia vasvika, Samsoni." Zvino Luther akabuda.

54 Zvino vakaita sangano zvakare. "Kana ukandisunga neimwe tambo, inozondimisa." Zvino vakadaro.

55 "Zvino vaFiristia vasvika, Samsoni." Chii chakaitika? Wesley akabuda akadimura tambo.

56 "Zvino wanga uchindinyengera nguva yose iyi. Hauzivi kuti ndinokuda here Samsoni? Zvakanaka, ndiudze chokwadi chiri mumwoyo mako."

"Zvakanaka, ndisunge neimwe tambo."

57 "Zvakanaka, zvino tichaita izvozvo." Chaiva chii? Yaiva tambo yedhinominesheni.

58 "Ndirege ndisununguke, kuti ndisava nedhinominesheni. Ipapo, ndinokuudza, ndinobva ndashaya simba." Nokudaro maPentekosti akabuda. Simba renyu riripi?

"VaFiristia vasvika." Zvino akadambura tambo zvakare.

59 Asi zvino chii chakaitika? Zvakazobata maPentekosti, maDhokota makuru eDzidzo yezveBhaibheri kuti vave vafudzi, vanhu vakuru. Vane dzidzo yakawanda nezvitevedzwa sezvinoita maMethodisti kana maBhaptisti, kana vamwe vose. Pinda muchechi haumbonzwa kana "ameni," vakatonhora

samaEskimos wokuNorth Pole. Vakatonhora! Havana hanya! "Zvino vaFiristia vasvika, Samsoni."

60 VaFiristia vasvika, America. Humwe hwomweya huripi? Humwe hwePentekosti huripi? MaAssemblies of God, neveUnited, neveChurch of God, na*ava, avo,* na*vamwe*, vose vane zvitendwa zvakasiyana, uye mumwe ane *izvi*, mumwe ane *izvo*. Takapatsanuka zvokuti ukaenda muguta kundoita rumutsiriro, kana imwe chechi ikakutsigira, dzimwe dzose hadziuyi kwauri. Makoministi asvika, America.

61 Simba redu riripi? Kubwinya kwedu kuripi? Chii chikonzero? Nokuti takatevera huchenjeri hwomunhu pane kutevera Simba raMwari! Sei, vakatora vaparidzi navamwe vakaoma nokuomarara, kusvikira vakatiisa muhurongwa kusvikira taomarara uye tava nemitsipa mikukutu, kusvikira vanhu, hauchambonzwa kudanidzira muchechi zvakare. Hauchambonzwa munhu achichema. Benji ravanhu vanochema rakaiswa muimba yapasi. Hamuchina kubwinya muchechi. Zvose zvatinoita kungogara takaomarara. Hatina kusununguka. Takasungwa. Dhiyabhorosi, namadhimoni ake ezvinhu zvamazuva ano akasunga chechi yaMwari mupenyu. Ndizvo. Hamuchina Simba muchechi. Hamuchina kusununguka. Vanhu vaomarara! Chii, Mwari anokwanisa kuuya pakati pavanhu vePentekosti, uye oratidza kuti Iye ndiye Mwari, osimbisa zviratidzo Zvake zvokumuka Kwake, hazvivazunguzi. Girori! Hongu, zvinonyadzisa! Ndinofamba munyika, Mwari achishanda, achiita zviratidzo, zvino vanhu vanongoramba vakagara, voti, "Zvakanaka, ndinofunga ndizvo. O-o, ndinoziva kuti zvinokwanisa kuitwa." Hazvivazunguzi! Chii chikonzero? Vakasungwa naDherira, nenyika. Vari mungetani.

62 Zvino vakatosvika mukupinzwa, vakasungirwa mumubatanidzwa. "VaFiristia vasvika, Samsoni." Uchaitei pamusoro pazvo?

63 "O-o, tine madhinominesheni makuru." Chokwadi. "Tine nhengo dzakawanda kudarika dzatakava nadzo." Asi Mweya uripi? Mweya Mutsvene uripi?

64 Ndizvo zvakaitwa naDhiyabhorosi. Akakwezva chechi. Akaramba achikwezva chechi, "Uyai kwandiri, ndichakupai tabhernakeri huru kana mukaita *izvi*. Kana mukakwanisa kubvisa muparidzi uyu anopenga wamunaye, motora mumwe, Dhokota weDivinity ane pfungwa, tinozovaka chechi huru yakanaka uye tinozofanana navamwe vose." Zvinonyadzisa! Ndingada zvangu kuva nomunhu asingazivi mutsauko wekofi nezvibande zvebhinzi, asi akazadzwa noMweya Mutsvene, asingarerutsi, paSimba raMwari.

65 Asi zvasvika, pakuomarara, kokuti mumwe mutsvene akapinda mumweya mumusangano otaura nendimi, kana kudanidzira zvishoma, kana kuita chimwe chinhu, zvino

vamwe vose vanotendeuka vachitarisa kwaari. "Chii? Zvino, tinoshama kuti chii? Angadaro ari mumwe mupengo abva kune imwe nzvimbo." Munoziva kuti ichokwadi! Mumwe mutsvene akapindamo, akanzwa kufara zvokukwanisa kusimudza maoko ake, uye ochema nokurumbidza Ishe, mumwe munhu akadanidzira "ameni" pakuparidzwa kweEvhangeri, uye vamwe vose vanotendeuka votarisa kuti atii. MaPentekosti. Chii chiri kuitika? Muri kufanana neMethodisti, namaBhaptisti; ivo vakafanana neKatorike; Katorike yakafanana negehena. Zvino, mose pamwe chete, mose muri kufanana negehena! Ndizvo.

66 Dherira akakunyengerai kuti muende kumachechi makuru, akanaka, ane vaparidzi vakadzidza, boka ravanhu vakabudirira. "Zvino, munoziva, *Nhingi* ari zasi uko ane mamiriyoni amadhora, dai taikwanisa kumuunza muungano yedu! O-o, ini zvangu!" Kana asina kuberekwa patsva, haakodzeri kuvako. Handina hanya nokuti ane mamiriyoni amadhora. Kana ane motokari dzamaCadillacs dzingasvika mazana mana, kana chingava chii chaanacho, anofanira kuberekwa patsva, kusvika pakuberekwa patsva uye ovandudzwa noMweya Mutsvene, obudamo aberekwa patsva, achibuda dzihwa (ndiregererei), achichema, nokuzhamba, achingoita sezvinoitwa navamwe vose, uye ozorarama hupenyu hunoratidza kuti anaWo. Ameni. Ndizvo zvaunoda.

67 "Samsoni, vaFiristia vasvika." Makoministi asvika. Nyika yasvika. Dhiyabhorosi asvika.

68 Vanodzokera voona Mweya waMwari uchiita mashura uye uchiita zvinhu zvokumuka kwaKe, zvakavimbiswa naJesu, vanoti, "Munozivei, ndinofunga kuti Hama Branham vanogona kuverenga pfungwa zvakanyanya. Mufudzi wangu akati ndiDhiyabhorosi."

69 Iwe murombo, munyengeri, munhu asingatendi, akakwenenzverwa, iwe bere riri mumakushe ehwai! Jesu akati, "Dai makaziva Ini, mungadai makaziva zuva raNgu." Asi muri boka ravana Sauro vanoedza kufanana nenyika.

70 Tinoda boka ravanhu vaMwari vasingarerutsi paShoko, asi vanoparidza Chokwadi vachimira pakubhabhatidzwa noMweya Mutsvene.

71 Asi nyika yakaitei? Yakaveura Simba renyu rose. Makaberekwa muri vaNaziri, maPentekosti, asi nyika yakakuveurai Simba. Zvino yangoomarara sedzimwe dzose.

72 Tichazoitei? Chii chichazoitika? Pane chinhu chimwe chete chakanaka chandiri kufunga pamusoro pacho kuti ndipedzise nyaya iyi.

73 Samsoni paakanga akasungwa! Hatikwanisi kuva norumutsiriro. Tererai kune hama yedu yakatendeka, Billy Graham, "Rumutsiriro muzuva redu!" Tererai kuna Oral Roberts achidanidzira, "Rumutsiriro muzuva redu!" Tererai

kuna vamwe vose, "Rumutsiriro muzuva redu!" Tingava norumutsiriro sei isu takasungwa? Takasunga Mweya Mutsvene, namasangano edu netsika dzedu, zvino hatichakwanisi kuva norumutsiriro rwoMweya Mutsvene. Ameni. Ndinoziva kuti izvi zviri kupisa, nokunze, asi iChokwadi. Tingava sei norumutsiriro rwoMweya Mutsvene isu takasungwa takaomarara! "Mufananidzo wokunamata," Bhaibheri rakati tichava nazvo. "Mufananidzo wokunamata, asi tichiramba simba racho." Simba rei? Simba resangano here? Simba renyika here? Simba rechechi here? Simba roMweya Mutsvene! Ndiyo nzvimbo yakavanzika yechechi. Zvino kana chechi yava kutora vaparidzi vakadzidziswa, nedzimba huru nezvakanaka, panzvimbo yoMweya Mutsvene wakare, zviri nani kuva mumisheni zvakare. Ameni. Chokwadi. Ungava sei norumutsiriro rwoMweya Mutsvene ivo vanhu vachiUdzivisa nokuUsunga uye vachiUtya? ndipo pane dambudziko.

74 "VaFiristia vasvika." Asi tariro yakanaka imwe chete yatinayo, asi Samsoni paakanga ari mutorongo . . .

75 Chii chavakatanga kuita pavakamubata? Kutanga, vakamusunga. Vakamubvisa simba rake, vakaziva chakavanzika chake. Vakawana chakawanzika chako. Nyika yakawana chawanzika chako. Zvino vakadzi vanogera vhudzi, munoita zvinoitwa nenyika. Imi varume munoenda muchindoita zvinoitwa nenyika. Zvakanaka, kutaura zvinosekesa zvisina kunaka, uye muchienda muchindoputa fodya zvishoma, muchitora madzimai avavakidzani venyu, nezvimwe zvakawanda zvakada kudaro, kunwa doro zvishoma kuti muchengetedze basa renyu. Ndingasarudza zvangu kudya mabhisikitsi nokunwa mvura yomumhango ndichigara ndakachena ndakarurama pamberi paMwari, pane kuti ndirerutse nokuda kwebasa. Ndizvo. Chokwadi. Ramba wakatendeka kuna Mwari.

76 "Samsoni, vaFiristia vasvika." Tabhernakeri yaBranham, nyika yava kupinda pakati penyu. Chii chiri kuitika? Makarega chakawanzika chenyu chichizivikanwa here? Makarega here chakawanzika chenyu chamakapiwa naMwari chichizivikanwa pamakanga muchipindira panzvimbo dzakaoma makore mashoma apfuura? Machirega chichibuda nokuda kunzwisisa, kunamata kwetsika? Chii chakaitika kwamuri? Mwari anokwanisa kudzika opinda muungano oita mashura nokutaura zvakavanzika zvomwoyo, nezvimwe zvose, opodza vanorwara novanotambudzwa, oita zviratidzo nezvishamiso, nokuparidza Shoko raKe zvine simba, noMweya Mutsvene; zvino vanhu vanoti, "Hongu, ndinofunga zvakanaka. Tinofarira kuri terera dzimwe nguva, kana tisina kunyanya kuneta." Ndiyo Tabhernakeri yaBranham. VaFiristia vasvika.

77 Asi, zvaisimboitika kuti kana Shoko richiparidzwa, vatsvene vaisimuka nemisodzi pameso pavo, vaisimuka

vofamba, vachichema, zvichida vasina kumbotaura kana shoko, vangofamba-famba, kwamaminetsi maviri kana matatu, vogara pasi zvakare, vakanyatsozadzwa noMweya Mutsvene! Vanyatsogutswa neShoko! "Munhu haangararami nechingwa bedzi, asi neShoko rimwe nerimwe rinobuda mumuromo waMwari." VaFiristia vasvika, Tabhernakeri yaBranham.

VaFiristia vasvika, maPentekosti.

78 Nokuti, vaFiristia vakakubatai, imi vamwe vose, kare pamakazvisunga kuva sangano, hapana aikwanisa kupinda imomo kunze kokunge ari muPresbyteriani, muBhaptisti, muMethodisti, muKatorike, kana mumwevo. Hamuna kuda kuwana chokuita navamwe vose.

79 Zvino, rumutsiriro muzuva redu? Tingava narwo sei kana mupi worumutsiriro akasungwa nenyika? Mwari haakwanisi kupinda mune nyika, unofanira kuziva izvozvo. Ukafanana nenyika, zvino ndizvozvo. Ukafanana nenyika, zvino ndizvozvo. Ukawadzana nenyika, ukaenda kundoita zvinoitwa nenyika, ipapo watoparara. Asi kana ukadimbura ngetani dzose dzenyika, wouya kuna Mwari, Mwari anokushandisa kusvikira watanga kumhanya mhanya zvakare.

80 Heino tariro imwe chete yandinayo mangwanani ano, kuti ndipedzise Mharidzo yangu, pane izvi, "Samsoni paakanga akasungwa vhudzi rake rakatanga kukura."

81 Mwari, titumirei imwe Chechi magumo asati asvika, kuti Simba roMweya Mutsvene riuye mairi, mukuratidzwa kwoMweya, nokuita kuti Marko 16 itevere Chechi, Mabasa 2:4, Mabasa 2:38, kuti zvose izvi zvitevere chechi. Zviratidzo nezvishamiso zvitevere vaapostora. Zviratidzo zvikuru zvokumuka Kwake zvivatevere. Patiri mutorongo, chokwadi Mwari ari kukudza imwe mbeu pane imwe nzvimbo, kuti igozova nokuparadza kukuru kokupedzisira. Dai ukava iwe, shamwari yangu yechiKristu uri pano mangwanani ano, dai rikava simba rako rava kutanga kukura. Ndinonamata kuti Mharidzo ino mangwanani ano, uye kunze kunyika kwaichaenda, ndinovimba kuti Mharidzo ino ichabatsira kuunza vitamini mauri rokuti Simba rako rapamweya rikure muhupenyu hwako zvakare.

Ngatikotamisei misoro yedu tinamate.

82 O-o Ishe Mwari, Musiki waMatenga nenyika, Muvambi woHupenyu Husingaperi, noMupi wezvipo zvose zvakanaka nechipo chomweya, torai mashoko awa muaise mumwoyo, muadiridze, Ishe. Dai vanhu vakanamata pamusoro pezvinhu izvi, tichiona kuti nyika yakanyengera chechi kusvikira yakaziva pane Simba rayo, ikawana nzvimbo yayo yakavanzika, ikawana pakanga pane chakawanzika, uye ikachiveura. Yakatora vanhu vaisimbodanidzira kukunda, vaisimbova nokukunda, ikavaveura, kusvika iko zvino vava kugara kumba musi weChitatu manheru kuti vagoona hurongwa

hweterevhishoni. Kubvisa mufaro mumwoyo yavo nokuvapa rudo rwakanyanya rwenyika kudarika rwavainarwo kuna Mwari. Vava nezvenyika zvakawanda, zvinhu zvenyika, chishuvo chikuru chezvinhu zvinonakidza zvenyika pane kuti vafarire kuparidzwa kweEvhangeri. Kana pasina vanhu vanoridza mumhanzi nokutamba, nokungoenderera mberi, havazofariri Evhangeri, yakare, inounza misodzi yomufaro kumwoyo, inounza kupodzwa Kutsvene zvakare, inodzoreredza zvipo zvavaapostora muchechi, inounza Kristu akamuka, Mhesiyasi wezuva rino.

83 Asi saIsraeri yakanga yasungwa na—namadzimambo ayo, zvokuti vakanga vasingakwanisi kutevera Mambo chaiye; zvino Mambo chaiye, paAkauya, havana kukwanisa kuMuziva. Ndizvo zvazvakaitavo nhasi, o-o Ishe, Mambo woKubwinya akazviratidza soMweya Mutsvene, uye, Ishe, havazvizivi. Havazvicherechedzi. Vakazvisunga zvakasimba sesangano zvakanyanya, zvokuti havakwanisi kuzvinzwisisa, nokuti hazvisi musangano ravo. Ishe, uku kushanda kwaDhiyabhorosi kwakaita izvi kuvanhu.

84 Dai Samsoni waMwari, dai vakatendeka mumwoyo, vari kushuva mumwoyo nokukumbira nokuramba vakabatirira, dai vakaramba vanazvo, Ishe, kusvikira mbeu itsva yakura, kusvikira kwauya rufaro zvakare muZioni, uye kozouya boka rinozvicherechedza nokuzvinzwisisa, kuti vagozoona Mhesiyasi neSimba rakawanzwa kunyika, ravasiri kunzwisisa iko zvino. Zviitei, Ishe, kuti vaone izvi. Nokuti tinozvikumbira muZita raJesu. Ameni.

[Hapana chinhu patepi—Mupepeti.]
. . . power just now,
O Lord, send the power just now
And baptize every one.

They were in the upper chamber,
They were all with one accord,
When the Holy Ghost descended
That was promised by our Lord.

O Lord, send Your Power just now,
O Lord, send Your Power just now;
O Lord, send the Power just now
And baptize every one.

85 NdinoMuda! Ngaangotumira Simba raKe! Vakanga vari mumba yapamusoro, vose vari muhumwe. Nyika yakanga yabuda mavari. Vakanga vasvika pakuperera, uye Mweya Mutsvene ukauya.

86 Nhasi vanoti, "Uya, uve nhengo yechechi, uise zita rako mubhuku. Kana kuti gwadama utaure kuti, 'Ndinopupura kuti Kristu ndiye Mwanakomana waMwari,' wosimuka." Dhiyabhorosi anoita zvimwe chete. Chokwadi.

Dhiyabhorosi akabhabhatidzwa pakabhabhatidzwa Judhasi. Dhiyabhorosi akaenda kundoparidza Evhangeri pakaenda Judhasi kundoparidza Evhangeri. Asi Dhiyabhorosi haana kuwana Mweya Mutsvene. Ndipo. Ndipo pane Simba rakawanzika, kumuka, kunonyatsoziva zvakananga, pasina kana kukahadzika. Ameni.

87 Ari pano. Mweya Mutsvene mumwe chete, Uyo wakanga ari pana Mhesiyasi, achiri muChechi Yake. HaAbvi. "Ndichange ndinemi nguva dzose, kunyangwe mamuri, kusvika kumagumo enyika. Ndinenge ndiripo. Mabasa andinoita, muchaaitavo. Muchaita akawanda kudarika aya, nokuti ndinoenda kuna Baba Vangu."

88 Asi nyika inorerutsa, "O-o, izvi ndezvamazuva akapfuura!" Ndizvo zvinodiwa naDhiyabhorosi kuti uite. Vanoda kuti uite zvinoyevedza. Mwari anoda kuti ubhabhatidzwe. Mwari anoda iwe. . . Unoti, "O-o, handitendi izvi zvavari kuita." Enderera mberi ugare wakadaro, enderera mberi ugare muchivi chako, gara muchivi chako. Asi kusvikira waora, kusvikira pfungwa dzako dzaora, kusvikira waora kufashoni dzako, wovandudzwa zvakare uye woberekwa patsva, zvino Hupenyu hutsva hunouya hunenge hwakasiyana kwazvo nehuya hwakafa.

89 Tsanga yechibange inopinda muvhu iri chena, inobuda yava girini. Inoenda pasi yakaomarara, yakaputirwa, inobuda iri nhete ichiteputswa nemhepo. O-o, Girori! Hareruya! Kana mhepo yatanga kuvhuvhuta, tsanga hapana chainokwanisa kuita asi kutepuka, kuzunguzwa, asi kamherwa kaduku—kaduku aka kanotepuka, kachikura nomufaro, kachizvisimbisa. Hakakwanisi kumera kusvikira mbeu iyi yafa uye yaora, kwete kungofa chete; asi kuora. Haizokwanisi kurarama zvakare, asi hupenyu hunobuda mairi.

90 Sezvandataura nguva shoma yapfuura, kuberekwa hakuratidziki zvakanaka, kunosemesa, kune tsvina, kunosemesa zvakanyanya, asi ndipo panobva hupenyu. Kana ukazviziva kuti unosemesa, kana ukaziva kuti maMethodisti, maBhaptisti namaPentekosti zvitendwa zvavo zvinosemesa, uye wofa paartari, ipapo Hupenyu hutsva hunozouya mauri. Mweya Mutsvene unokukonzera kuti urarame pamusoro peizvi, zvino wozoona Mwari.

91 TichaMuona rimwe zuva rakanaka. Rimwe zuva kusingakwanisi kusvikwa nenyama inoora, tichaMuona. Munozvitenda here? Rimwe zuva kusingakwanisi kusvika nyama inoora, ndakamirirwa nezvinhu zvakanaka.

92 Ndakanga ndakamira pano pakona husiku hwapfuura, ndakafunga kuti ndaona Rabbi Lawson. Paiva pano, aisisimudza tsvimbo yake achindidhonza mutsipa nayo, aindidhonza mutsipa netsvimbo yake, pano papurupiti, uye aiimba rwuyo urwu, "Ndakamirirwa . . . " [Hapana chinhu patepi—Mupepeti.]

93 Chimwe chinhu chakaitika! Zvakabudisa nyika. Ndakatanga kuona zvinhu zvakasiyana. Ndainetsekana zvikuru pamusoro pezvinoitwa navanhu vomuno muAmerica, nguva nenguva, gore negore, ndichiona madzimai navarume vachizvideredza vachipinda muzvivi, kusvikira ndakada kurwara, kaviri kana katatu, ndichinetseka pamusoro pazvo. Nezuro, ndakati kuna Mwari, "Handichazonetsekani zvakare. Shoko reNyu rakati zvichange zvakadaro, asi ini ndichamira pamukaha ndichipikisana nazvo, ndizvo chete zviri mandiri.

94 Rimwe zuva, ndakamira paGreen Mill, kubako rangu, musango, ndakanga ndichinamata zuva rose. Zvino neawa yechitatu, zuva rava kuda kunyura, ndakanga ndakamira ipapo ndakatarisa mhiri, ndabuda mubako, ndikaenda pamusoro pedombo guru. Zvino ndakanga ndakamira ipapo, ndakatarisa kuMabvazuva, ndichirumbidza Ishe. Zvino ndaiona zuva richinyura kuseri kwemiti iri pamusoro pegomo iri, pandakatarisa kumhiri kumupata kuna mamwe, kwakanga kune miti neuswa hwakawanda, hwakanyarara kwazvo. Zvino ndakati, "Ishe, rimwe zuva makaviga Mosesi seri kwedombo, uye Makapfuura napaaiva, nokuti akanga aneta. Asi Makapfuura napaaiva, akati 'mairatidzika somusana womunhu.'" Ndakati, "Ndivigei mudombo, Ishe." Panguva iyoyo, kune rumwe rutuvi rwangu, kwakauya Mhepo yaivhuvhuta mumakwenzi. Yakavhuvhuta ichiuya, ichiuya naparutivi rwangu, Mhepo yaivhuvhuta, yakavhuvhuta ichipinda nomumiti. Ndakamira ipapo.

Some day, God only knows just where or when,
The wheels of mortal life will all stand still,
Then I shall go to dwell on Zion's hill.

Some day beyond the reach of mortal ken,
Some day, God only knows just where or when,
(Chii chichaitika? Ichamira mavhiri, ose aya ari kutenderera)
The wheels of mortal life shall all stand still,
Then we shall go to dwell on Zion's hill.

Swing low, sweet chariot,
Coming for to carry me home;
Swing low, sweet chariot,
Coming for to carry me home.

If you get there before I do,
Coming for to carry me home;
Tell Brother Bosworth, and all my friends, too,
Just coming for to carry me home.

Now swing low . . . (ichaburuka yonditora) . . . char- . . .
(Muti wose uchapfuta; Ngirozi dzaMwari nengoro yomwoto) . . . for to carry me home;

Swing low, sweet chariot,
Coming for to carry me home.

95 Rimwe ramazuva ano, rimwe ramazuva ano pandinenge ndava kusvika panguva yokufa kwangu, ndinotarisira kuti Iye achauya. Ndizvozvo.

I looked over Jordan and what did I see
Coming for to carry me home; (saEria mutana akatarisa kuna Joridhani)
A band of bright Angels coming after me,
They were coming for to carry me home.

Swing low, get down low, sweet chariot,
Coming for to carry me home;
Swing low, sweet chariot,
Coming for to carry me home.

96 Ishe Jesu, Mutyairi akaropafadzwa wengoro iyi, Mukuru wengarava yeZioni, chikepe choHupenyu, iri kufamba mumba muno, ichitaura, Hupo hwaKe huri pano. Mweya Mutsvene chaiwo wakaMumutsa kubva muguva uri pano.

97 Zvino nokuda kokuti hatina kupa makadhi okunamatirwa, pane mumwe here pano anobva kunze kweguta, vandisingazivi, ari kuda kunamatirwa? Simudzai maoko enyu, vandisingazivi. Simudzai maoko enyu, vandisingazivi. Imi, muri apo. Ndinotenda muri uko mune ndebvu, mumwe munhu asimudza ruoko kumashure uko. Hongu, iwe, wasimudza ruoko rwako here? Zvakanaka. Kumashure uko, imi, changamire. Zvakanaka. Mose hamundizivi here? Ishe Jesu, Mufudzi mukuru weboka ari pano, munotenda here kuti vimbiso Dzake ndechokwadi? Anozodza chechi Yake, uye "Mabasa aNdinoita, muchaaitavo, zvakare. Kunyangwe makuru kuna aya muchaita, nokuti Ndinoenda kuna Baba Vangu. Akawanda kudarika aya!" Munozvitenda here?

98 Masimudza ruoko rwenyu kuti hamundizivi? Munotenda here kuti Mwari anokwanisa kundiudza zviri mumwoyo menyu, anokwanisa kutaura neni sezvaAkaita kumukadzi akabata mupendero wenguvo Dzake? Munotenda here kuti Iye Muprista Mukuru anokwanisa kutinzwira tsitsi pahutera hwedu? Kana Mwari akandizarurira chinhanho chamuri munozotenda here kuti ndiri muprofita waKe, munotenda here kuti Hupo hwaKe huri pano uye ndicho chikonzero Achizvitendera? Muri kunamatira mudzimai venyu. Ane hudyu yakatyoka, hudyu yakabva panzvimbo. Ndizvozvo. Kana zviri izvo, simukai. Zvakanaka, dzokerai munowana, apora. Ameni.

99 Ko imi muri kumashure, imi mambosimudza ruoko, mune ndebvu? Munotenda here nomwoyo wenyu wose? Munotenda here kuti Mwari anokwanisa kundiudza matambudziko enyu? Munotenda here kuti mwanakomana wenyu achaita zvakanaka? Munotenda here? Muno mwanakomana, ari kurwara necerebral

palsy. Ndizvo. Hamusi . . . Munobva kuKentucky. Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu. Handikuzivei, ndinokuzivai here? Kana ndichikuzivai . . . Simudzai ruoko rwenyu seizvi, hatizivani. Ndizvo. Ndiri kuvimba naMwari. Munotenda here? Sokutenda kwenyu, wanai mwanakomana wenyu sokutenda kwenyu. Zviisei mumwoyo wenyu.

100 Ndiani pano asimudza ruoko, wandisinga—wandisinga . . . Ndimi here? Zvakanaka, vakuru, munonditenda here kuti ndiri muprofita waMwari? [Murume uyu anoti, "Ameni."—Mupepeti.] Munotenda here, nomwoyo wenyu wose? Musauya henyu kuno, ingorambai mumire pamuri ipapo. Zvakanaka, changamire, dambudziko renyu, mune chirwere cheshuga. ["Ndizvo."] Uye zviri kukonzera kurwadza kwegumbo renyu. ["Hongu."] Munobva kuOhio. ["Hongu."] Zita renyu ndiMiller. ["Ndizvo."] Dzokerai kumba uye mupore. Zvakanaka, tendai nomwoyo wenyu wose. Zvakanaka.

Munozvitenda here? Kana mukangozvitenda!

101 Mudzimai akagara pano, masimudza ruoko rwenyu here? Mudzimai muhombe akapfeka magirazi, munotenda here nomwoyo wenyu wose? Munozvitenda here? Munotenda kuti ndiri muranda waMwari here? Munotenda? Zvakanaka, kana Mwari akandiudza kuti dambudziko renyu nderei, munozotenda here? Munedambudziko romwoyo. Zvakanaka, simudzai ruoko rwenyu kana zviri izvo. Zvakanaka.

102 Mudzimai uyu ari padyo nemi, asimuka. Mwoyo; asi maziso ake ari kurwadza. Ndinovaziva. Zvakanaka, kana muchikwanisa kutenda!

103 Kumashure uko, murume ari kumashure uko ane dambudziko romwoyo, zvakare, nechirwere cheganda renyu. Munotenda here kuti Mwari anokwanisa kukupodzai? Munotenda here, changamire?

104 Pane murume kumashure uko, asimudza maoko ake wandisina . . . VaSchubert. Zvakanaka, changamire. Zvakanaka, munotenda here? Maziso enyu, zvakare, handizvo here? Muri kunamatira mai venyu vakagara ikoko, zvakare. Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu. Hatisati tamboonana. Ndizvo here? Batanai maoko, batanai maoko uyu nouyo. Zvakanaka, ndizvozvo. Kana muchitenda, munokwanisa kugamuchira!

105 Jesu Kristu akamuka ari muno. Ndiye Iye mumwe cheteyo. Zvinoitei kwamuri? Makarega nyika ichisveta simba rose kubva kwamuri here? Girori! Ndinoda kuberekwa patsva! Ndinoda Hupenyu hutsva! Handina hanya kuti Hunouya sei, kana ndikava mutsvene asingazvibati zvakanaka, chii zvacho. Handina hanya kuti Hunouya sei, ndinoda Mweya Mutsvene chaiwo souri pandiri iko zvino. Ndinoda kuUchengeta! Ndingada kuva Nawo pano kuva nezvinhu zvenyika zvose. Ameni! Munotenda here? Munotenda here kuti Ari pano.

106 Isai maoko mumwe pane mumwe, ipapo. Ndiudzei chimwe chinhu chaAngaita. Hapachina. Ivai nokutenda iko zvino. Tendai kuti zvapera.

107 Ishe Mwari, Musiki waMatenga nenyika, Muvambi woHupenyu Husingaperi, noMupi wezvipo zvose zvakanaka, Mweya Wenyu uri pano uri kutizodza, Ishe, zviri kuita kunge imba iri kufema uchifamba kose-kose mumba muno, uri kufamba kose-kose. Sei vanhu vasingakwanisi kuzvinzwisisa, Ishe? Vava—vava nokuwadzana nenyika zvakanyanya here, zvokuti uye vasvika pakutonhora nokuva vetsika nokuomarara, kusvikira havachazivi Imi zvakare? Ishe Mwari, dai Simba rabata munhu wose, uye munhu wose ari kurwara apodzwa, nomutadzi wose aponeswa kuti Mwari awane kurumbidzwa. Kubudikidza naJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, ndinozvikumbira. Ameni.

108 Munozvitenda here? Simudzai maoko enyu. Munogamuchira kupodzwa kwenyu here? Mwari akuropafadzei. Zvino endai mundozviwana sokutenda kwenyu, zvinenge zvakadaro. Ndiri kuona zviratidzo pamusoro pavamwe venyu. Ndizvo. Ndinofanira kudzoka husiku huno.

109 Kana usingatendi iko zvino, hauchazombokwanisi kutenda. Ndizvo. Jesu akazviita imwe nguva, uye vakati, "Ndimi . . . Tinoziva kuti kana Mhesiyasi auya, Achatiudza zvinhu izvi." Akati, "Ndinoziva kuti Mhesiyasi achaita izvi. Asi Imi ndimi Ani?"

Akati, "Ndini Iye."

110 Ipapo akamhanya muguta akati, "Uyai, muone Munhu Aziva zvandanga ndiri nezvandakaita. Haasi iye Mhesiyasi here?"

111 Akati, "Zvinhu izvi zvichavapo zvakare mumazuva okupedzisira. Chechi ichange ichiparidza Chokwadi, inenge yakamira paShoko. Inenge ichiita Mirawo yose yaMwari. Haizowadzani nenyika. Zvino kubudikidza nayo ndichauya ndoita zvinhu zvimwe chetezvo."

112 Asi iye, "Vachange vachizvida, vanozvirumbidza, vanoda zvinofadza zvenyika kupfuura Mwari, vasingadi kuyanana, vanochera vamwe, vanomufananidzo bedzi wokunamata mwari," vanonamata kwazvo, vachienda mumachechi. "Vanomufananidzo bedzi wokunamata mwari, vakarasha Simba rako. Ufuratire vanhu vakadai!"

113 Imi vanhu, muri muno muchechi, vaAdana iko zvino, chiratidzo chabva kwandiri. Kana—kana ichi changa chiri chokwadi, zvandataura, uye ini ndisingazivi chinhu pamusoro penyu, simudzai maoko enyu, kana anga ari ani. Chechi yose, kose—kose-kose. Zvakanaka. Maona? Handivazivi, handisati ndambovaona; asi Mweya Mutsvene uri pano uye Anovaziva. Hamusi kuona here kuti handisi ini?

114 Tererai! Kana Achivimba neni neizvi, achavimba neni neChokwadi cheShoko, nokuti Chokwadi chinokwanisa kuuya neShoko bedzi. Tendeukai, mumwe nomumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu, kuti muregererwe zvivi zvenyu, uye muchagamuchira chipo choMweya Mutsvene, nokuti vimbiso ndeyenyu navana venyu, kunyangwe navari kure, navazhinji vachadanwa naShe Mwari." Munozvitenda here? Pachava nokubhabhatidzwa mushure menguva shoma.

115 Ngatikotamisei misoro yedu. Ndichakumbira kuti mufudzi kuti anamate tichigadzirira kubhabhatidza. Ndinofunga pana vanhu vachauya kuzobhabhatidzwa. Zvakanaka.

Chechi Yakanyengedzwa, neNyika SHO59-0628M
(A Deceived Church, By The World)
The Church series

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Chikumi 28, 1959, pa Branham Tabhenakiri ku Jeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©1993 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org